



Pou Piblikasyon Imedya: 12/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE BIWO CONNECTALL ETA NEW YORK LA REYALIZE YON ETAP ENPÔTAN AK 7 MILYON DOLA SIBVANSYON FEDERAL

Finansman demare planifikasyon konplè wo debi ak ekite dijital nan tout eta a ak angajman moun ki konsène yo pou sipòte fèmti divizyon dijital la

Prim yo se premye etap nan direksyon pou New York resevwa yon alokasyon konplè nan finansman wo debi ki soti nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti Federal la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke biwo ConnectALL Eta New York la te resevwa 7.2 milyon dola atravè pwogram Lwa sou Ekite, Aksè, ak Deplwaman Wo Debi akEkite Dijital (Broadband Equity, Access, and Deployment and Digital Equity Act) Depatman Komès Etazini (U.S. Department of Commerce) an Pandan mwa kap vini yo, ConnectALL pral sèvi ak fon sa yo pou angaje Nouyòkè yo atravè eta a pou pwodui plan konplè pou deplwaman wo debi ak ekite dijital nan tout eta a. Plan sa yo pral bay plan pou utilizasyon eta a nan fon Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti (Infrastructure Investment and Jobs Act) pou fèmen divizyon dijital ki rete nan Eta New York la.

"Aksè ak entènèt ki bon mache, epi ki fyab pa yon liks ankò - se yon nesesite pou konekte moun ak travay, edikasyon, ak sèvis gouvènmantal esansyèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a ki soti nan administrasyon Biden-Harris la pral ede kenbe Nouyòkè yo konekte epi bati enfrastrikti dijital nou an pou ekonomi 21èm syèk la. Mwen vle remèsyé patnè federal nou yo paske yo fè envestisman sa a nan eta nou an, epi mwen pa ka tann pou mwen kontinye patenarya sa a pou elaji ekite dijital epi asire ke wo debi gwo vitès disponib pou tout moun."

Sekretè Komès la, Gina Raimondo, te deklare "Inisyativ Entènèt pou Tout moun lan pral ogmante abòdabilite sèvis Entènèt avèk objektif pou bay Nouyòkè yo aksè ekitab ak Entènèt. Mwen remèsyé Gouvènè Hochul pou travay li nan elaji aksè ak Entènèt pou adrese bezwen kominote ki pa jwenn sèvis yo ak moun ki pa jwenn ase sèvis yo."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Nou kontan resevwa prim enpòtan sa yo nan men gouvènman federal la pou avanse pwogram ConnectALL Gouvènè Hochul la. Nou pa

ka tann pou nou travay ak patnè nou yo nan chak rejjon nan eta a pou avanse yon plan pou tout eta a epi debloke finansman federal la pou sipòte pwogram wo debi enpòtan yo."

Inisyativ ConnectALL la ki koute 1.1 milya dola, Gouvènè Hochul te anonse nan Diskou li an janvye 2022 sou Eta a, se pi gwo envestisman Eta New York te janm fè nan wo debi, ki vize transfòme enfrastrikti dijital eta a pou konekte tout Nouyòkè yo atravè entènèt. Atravè envestisman nan koleksyon ak katografi done, pwogram sibvansyon ki vize, mizajou nan politik deplwaman, ak angajman tout moun ki gen enterè yo nan tout eta a, ConnectALL pral ede Nouyòkè yo jwenn aksè ak pi bon sèvis wo debi ak pi gwo opòtinite ekonomik, edikatif, sante, ak angajman sivik li ofri.

Prim finansman jodi a gen ladan 5 milyon dola nan Pwogram BEAD la ak 2.2 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon pou Planifikasyon Ekite Dijital (Digital Equity Planning Grant Program) Eta a; tou de pwogram federal yo se Administrasyon Telekomunikasyon ak Enfòmasyon Nasyonal (National Telecommunications and Information Administration) Depatman Komès Etazini an ki administre yo. Biwo ConnectALL la nan Devlopman Empire State la pral sèvi ak finansman tou de pwogram sibvansyon yo pou sipòte yon planifikasyon konplè nan tout eta a ak efò angajman moun ki gen enterè yo ki pral enfòme apwòch Eta a pou fon sibvansyon aplikasyon ki vin apre yo resevwa nan plis pase 45 milya dola fon federal ki enkli pou wo debi ak ekite dijital nan Lwa sou Envestisman ak Travay nan Enfrastrikti a. Eta New York gen planifikasyon ak aplikasyon inifye pou alafwa pwogram BEAD la ak pwogram Ekite Dijital la nan kad ConnectALL la pou asire yon apwòch kowòdone ak entegre ki pral abòde tout seri baryè ki genyen pou aksè ak itilizasyon wo debi ki afekte Nouyòkè yo kounye a.

Efò angajman ConnectALL ap gen ladann gwo sansibilizasyon ak kolaborasyon ak divès kalite pati konsène atravè eta a, ki gen ladan ofisyèl eli yo; gouvènman lokal, rejjonal ak Tribal yo; manm publik la; founisè sèvis entènèt yo; enstitisyon ankray komunitè yo; òganizasyon san bi likratif ak òganizasyon komunitè yo; òganizasyon dwa sivil yo; òganizasyon travayè ak sendika yo; òganizasyon devlopman mendèv yo; bibliyotèk yo; enstitisyon edikatif yo; òganizasyon devlopman ekonomik yo; biznis lokal yo ak chanm komès yo; ak anpil lòt ankò. ConnectALL pral travay ak patnè sa yo atravè eta a pou idantifye defi, priyorite, ak opòtinite pou deplwaman wo debi ak ekite dijital; pwofite ekspètiz yo pou enfòme apwòch Eta a; asire ke plan Eta a ann akò ak efò ki deja fèt; epi maksimize devlopman ekonomik, kreyasyon djòb, edikasyon, ak enpak sou sante envèstisman wo debi ki planifye yo. Eta a prewa kòmanse anonse evènman angajman publik moun ki gen enterè li yo nan mwa janvye 2023.

ConnectALL pral utilize anplis lajan yo akòde yo pou anboche premye Direktè Ekite Dijital Eta a ak lòt pozisyon anplwaye yo, epitou pou etabli de bous ki ebèje nan Bibliyotèk Eta New York pou sipòte planifikasyon ak kowòdinasyon ekite dijital. Eta a pral etabli tou yon Gwoup Travay Entè-ajans sou Ekite Dijital pou konvoke ajans Eta ki sipèvize sèvis yo bay popilasyon kle yo, tankou Depatman Edikasyon Eta New York (New York State Education Department, NYSED), Konsèy POU Timoun ak Fanmi (Council on Children and Families) an, Depatman Sèvis Sivil (Department of Civil

Service) la, Depatman Asistans pou Fanmi (Department of Family Assistance), Depatman Asistans Finansye, Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Assistance, DFS), Depatman Sante (Department of State, DOH), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS), Depatman Deta (Department of State, DOS), Konsèy Planifikasyon pou Andikap Developmantal (Developmental Disabilities Planning Council), Biwo Renouvelman Kominote ak Kay Eta New York (New York State Homes and Community Renewal, HCR), Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmantal (Office for People with Developmental Disabilities, OPDD), Biwo pou Granmoun Aje (Office for the Aging), Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFC), Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) ak lòt ankò.

ConnectALL pral konvoke tou yon Komite Konsilitatif pou Aksè ak Wo Debi pou bay konsèy sou planifikasyon ak aplikasyon ekite wo debi ak dijital nan tout eta a; manm yo pral genyen reprezantan ajans kle nan enfrastrikti Eta yo, operatè telekominikasyon sektè prive yo, yon reprezantan travayè òganize, ak yon ekspè nan zafè tribal yo.

Anons jodi a vini touswit apre plizyè reyalizasyon ConnectALL resan, tankou:

- **Inogirasyon yon inisyativ konstriksyon enfrastrikti wo debi k ap koute 10 milyon dola:** ConnectALL ak Otorite Enèji New York la ap travay pou pote aksè entènèt wo debi abòdab nan kominote riral yo nan konte Chenango, Tioga, St. Lawrence ak Lewis.
- **Lanse Pwogram Evalyasyon Wo Debi ak Kat Entèraktif Wo Debi a:** ConnectALL ap mobilize resous eta a yo, patnè gouvènmantal lokal ak rejonal yo, ak piblik la an jeneral pou konteste inegzaktitud nan Kat Wo Debi Nasional Komisyon Kominikasyon Federal la, ki pral enfòme alokasyon final eta a nan finansman ki soti nan IIJA. Dènyèman, ConnectALL te soumèt yon defi ki gen plis pase 31,000 adrès New York ki pa te enkli nan kat federal la, ke yo tire apati done ki sòti nan premye kat jewografik entè-aktif apwofondi eta a ki te fèt pa Depatman Sèvis Piblik la.
- **Pwomosyon sibvansyon wo debi anvè konsomatè yo pou Pwogram Koneksyon Abòdab la:** Gouvènè Hochul dènyèman te anonse ke plis pase 1 milyon fwaye nan New York te abòne nan pwogram nan, gras ak an majorite pati yon efò debaz kontinyèl, ki gen plizyè ajans pou fè konsyantizasyon sou opòtinite pou yon sibvansyon wo debi ki se 30 dola pa mwa pou moun fwaye ki gen revni fèb yo.

Pou plis enfòmasyon ak mizajou sou ConnectALL, tanpri vizite www.broadband.ny.gov.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo

travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Gras a itilizasyon prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore envestisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils, REDCs) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touristik anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418